

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sastra lain ngan ukur bacaeun keur kolot wungkul, tapi bacaeun keur budak ogé. Kaayaan sastra anak nu saeutik jadi cukang lantaran ku naon barudak jaman ayeuna jarang nu mikanyaho kana sastra Sunda. Lolobana budak jaman kiwari mah deukeutna téh jeung *gadget*, maca komik bangsa deungeun, lalajo video bangsa dengeun, jarang nu lalajo pintonan gending karesmén nu eusina cocog pikeun budak. Pintonan téh sok jadi conto dina kahirupanana. Teu saeutik budak nurutan adegan nu dilalajoan tina vidio. Padahal, upama buku sastra anak nu eusina mibanda ajén kahadéan loba karyana bisa jadi picontoeun pikeun budak, salian ti éta sastra ogé bisa jadi média sangkan basa Sunda teu leungit.

Kurangna naskah gending karesmén nu bisa dipintonkeun ka budak mangrupa pasualan nu tara kapaliré. Karakter budak bisa ditumuwuhkeun ngaliwatan média sastra nu cocog pikeun umurna. Naskah gending karesmén *Si Ujang jeung Doraémon* (satuluyna disingget *SUD*) mangrupa naskah gending karesmén nu cocog dilalajoan ku budak. Nurutkeun Lukens, sastra ngasongkeun dua hal utama nyaéta *kesenangan* jeung *pemahaman* (dina Nurgiyantoro, 2002, kc. 108). *SUD* ngasongkeun *kesenangan* ngaliwatan kaulinan barudak nu ngadominasi dina sakabéh adegan. *Pemahaman* ngaliwatan basa nu babari dicangkem ku budak.

Pertengahan taun 1999, Wahyu Wibisana nyieun naskah gending karesmén nyaéta *Si Ujang jeung Doraémon* anu dilatihkeun ka murid SDN 2 Pagerageung. Lalaguanana dina laras saléndro jeung lagam pagerageungan. Éta pidangan munggaran dipintonkeun di Taman Budaya Dago dina raraga panutupan Dasa Warsa Kebudayaan Jawa Barat 1999. Salian ti éta, kungsi dipintonkeun di SMKI, ISBI, Rumentang Siang, Aula Sindangrérét Garut, jeung shooting di TVRI Bandung. Puncakna dipintonkeun dina raraga Hari Buku Nasional (Faturrohman spk, 2018, kc.110).

Naskah gending karesmén *SUD* ieu mangrupa karya sastra wangun drama. Ari pangarang karya sastra taya lian bagian ti anggota masarakat. Ku kituna, payus pisan lamun karya sastra dipaké média pikeun nyurahan rupaning masalah nu jadi pieunteungeun pikeun kahirupan manusa. Salasahiji karya sastra nu dipigandrung ku masarakat nyaéta naskah drama anu ditransformasi kana pintonan drama. Salian ti

dijadikeun sarana hiburan, pagelaran drama ogé bisa dijadikeun média dina ngaapresiasi karya sastra pikeun barudak sakola. Éta hal téh katingali tina *antusiasme* barudak sakola nu sok lalajo pagelaran drama di gedong-gedong kasenian. Naskah gending karesmén *SUD* ieu gé pernah dipintonkeun di SMPN 8 Purwakarta, nu lalajona nyaéta siswa siswi SMPN 8 Purwakarta (Imran, 2018, kc.1).

Salasahiji tarékah sangkan masarakat leuwih wanoh kana naskah gending karesmén *SUD* dipedar ku Rubrik “Selisik Pikiran Rakyat” (27 Agustus 2018) nu jejerna *Doraémon di Pagerageung Tasikmalaya, Dunia Anak Melintas Batas Waktu dan Ruang*.

Naskah gending karesmén *SUD* nu ngaadumaniskeun tokoh lokal jeung tokoh fiktif ti Jepang. Musik salaku média pikeun ngirut masarakat dijieun kalayan apik. Kakawihan, pupujian, jeung vokal tembang pagerageungan. Katitén pisan gending karesmén ieu ngangkat gaya vokal tembang pagerageungan nu teu ilahar di masarakat. Padahal tembang pagerageungan ieu téh mangrupa kabeungharan budaya has Pagerageung.

Pangarang tangtu teu samanéa dina nyieun naskah *SUD*. Eusi naskah *SUD* diwangun ku kakawihan, pupujian, jeung tembang vokal pagerageungan. Kakawihan téh mangrupa karya sastra wangun puisi anu biasa dihaleuangkeun ku barudak. Pupujian téh mangrupa karya sastra wangun puisi anu eusina muji ka Gusti Alloh, jeung panggeuing pikeun nu ngaregepkeunna. Tembang vokal pagerageungan ogé mangrupa karya sastra wangun puisi, pangna disebut tembang vokal pagerageungan téh ku sabab naskah gending karesmén *SUD* ieu téh munggaranlatihanna di Bumi Ageung Pagerageung Kabupaten Tasikmalaya.

Pentingna ieu panalungtikan nyaéta naskah gending karesmén *SUD* mibanda ajén étnopédagogi nu kudu diguar. Nurutkeun Rosidi dina Maulida spk (2014, kc. 1) atikan dina kontéks kabudayaan mangrupa hal nu penting ku sabab salasahiji fungsina nyaéta ngawariskeun ajén-ajén kamanusaan anu asalna tina budaya bangsa. Salasahiji sumber atikan nyaéta kabudayaan nu asalna ti tempat sabudereun, biasana kawéntar ku *kearifan* budaya lokal.

Pikeun ngungkulan masalah dina ieu panalungtikan, dipaké pamarekan étnopédagogi. Étnopédagogi husus medar ngeunaan aktualisasi kagiatan diajar nu miboga orientasi dina numuwuhkeun ajén-ajén *kearifan lokal* (Oktaviana, 2018, kc. 1). Saluyu jeung pamadegan ti Kartadinata (2011, kc. 11) étnopédagogi mangrupa atikan dumasar budaya lokal

(étnografis) nu penting dilaksanakeun lantaran tujuan modél atikan ieu pikeun ngawangun jeung ngawariskeun ajén-ajén budaya lokal nu mangrupa idéntitas bangsa.

Étnopédagogi kasundaan miboga orientasi kana kaonjoyan manusa anu sampurna, bisa disebut ogé jalma nu masagi. Hartina manusa masagi téh nyaéta manusa anu miboga pangalaman *lahiriah* atawa *batiniah*, jalma anu miboga pangalaman réa téh bisa disebut “legok tapak genténg kadék, bisa nganjang ka pagéto weruh sadurung winarah” (Sudaryat spk., 2012, kc. 42). Ari anu dianalisis tina ieu panalungtikan téh nyaéta struktur naskah gending karesmén *SUD*, unsur naskah, jeung ajén étnopédagogi.

Panalungtikan ngeunaan naskah drama dina wangun gending karesmén anu kungsi digarap salasihijina nyaéta tesis *Pendidikan Karakter dalam Naskah Gending Karesmen Si Kabayan jeung Raja Jimbul Karya Wahyu Wibisana* ku Sanjani Rahimakumullah taun 2015. Dina éta panalungtikan henteu medar ngeunaan strukturna sacara nyosok, tapi nganalisis ajén atikan karakter nu nyampak di jero naskah. Lian ti éta, aya ogé panalungtikan séjén wangun skripsi nu ditulis ku Bahtiar Pebri Dwiwana taun 2015 nyaéta *Pagerageungan pada Gending Karesmén Si Ujang jeung Doraémon di Kabupaten Tasikmalaya* nu medar ngeunaan tembang pagerageungan dina naskah gending karesmén *SUD*.

Panalungtikan séjénna ditulis ku Tyas Nastiti Puri taun 2019 nyaéta *Babandingan Naskah Sétra Karesmén “Lutung Kasarung” Karya Sayudi jeung Naskah Gending Karesmén “Purbasari Ayuwangi” Karya Hato’an Wangsasenjaya (Ulikan Struktural)*. Nu medar ngeunaan struktural naskah, unsur naskah jeung babandingan naskah. Lian ti éta, aya deui panalungtikan nu dilaksanakeun ku Adhika Nurkholis taun 2018 nyaéta *Rumpaka Tembang Pagerageungan (Kajian Éksploratif jeung Étnopedagi) di Kecamatan Pagerageung Kabupaten Tasikmalaya*. Medar ngeunaan analisis rumpaka tembang pagerageungan nu salasihijina mangrupa naskah tina *SUD*.

Bédana jeung panalungtikan saméméhna, ieu panalungtikan baris medar struktur naskah gending karesmén, unsur, jeung ajén étnopédagogi. Ku kituna, ieu panalungtikan dibéré judul “Naskah Gending Karesmén *Si Ujang jeung Doraémon* karya Wahyu Wibisana (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogi)”.

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Ieu panalungtikan baris maluruh ngeunaan ajén étnopédagogi tina naskah gending karesmén *SUD* karya Wahyu Wibisana. Dumasar kana éta hal, aya sawatara masalah panalungtikan nu dirumuskeun dina wangun kalimah pananya, saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita dina naskah *Si Ujang jeung Doraémon* karya Wahyu Wibisana?
- 2) Kumaha unsur carita dina naskah gending karesmén *Si Ujang jeung Doraémon* karya Wahyu Wibisana?
- 3) Kumaha ajén étnopédagogi dina naskah gending karesmén *Si Ujang jeung Doraémon* karya Wahyu Wibisana?

1.3 Tujuan panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan miboga tujuan umum pikeun ngaraksa jeung ngariksa sastra Sunda, mikanyaho struktur carita naskah, unsur carita naskah, jeung ajén étnopédagogi dina naskah gending karesmén *Si Ujang jeung Doraémon* karya Wahyu Wibisana. Ieu panalungtikan ogé bias kapaké dina panalungtikan satuluyna.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta.

- 1) Struktur carita dina naskah gending karesmén *Si Ujang jeung Doraémon* karya Wahyu Wibisana;
- 2) Unsur carita dina naskah gending karesmén *Si Ujang jeung Doraémon* karya Wahyu Wibisana;
- 3) Ajén étnopédagogi dina naskah gending karesmén *Si Ujang jeung Doraémon* karya Wahyu Wibisana.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Panalungtikan miboga mangpaat anu dibagi jadi tilu, nyaéta mangpaat tioritis, praktis, jeung sosial.

1.4.1 Mangpaat Teoritis

Ieu panalungtikan tangtu miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh ajén étnopédagogi dina naskah gending karesmén *Si Ujang jeung Doraémon* karya Wahyu Wibisana.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis anu dipiharep bisa dihontal tina ieu panalungtikan, saperti ieu dihandap.

- 1) Pikeun anu nalungtik, bisa jadi babon atawa référénsi pikeun panalungtikan satuluyna nu aya patalina jeung ajén étnopédagogi gending karesmén *Si Ujang jeung Doraémon* karya Wahyu Wibisana;
- 2) Pikeun guru, bisa dipaké nambahan pangaweruh dina mekarkeun bahan ajar di sakola, ku cara ngajelaskeun ajén étnopédagogi gending karesmén *Si Ujang jeung Doraémon* karya Wahyu Wibisana;
- 3) Pikeun siswa, bisa dipaké pikeun numuwuhkeun karesep tur karepna kana diajar sastra Sunda hususna gending karesmén. Lian ti éta, dipiharep ku ayana ieu panalungtikan siswa bisa leuwih neuleuman ma'na tina rumpaka gending karesmén *Si Ujang jeung Doraémon* karya Wahyu Wibisana tuluy dilarapkeun dina kahirupan sapopoé;
- 4) Pikeun masarakat, dipiharep bisa numuwuhkeun minat karep masarakat pikeun ngaraksa basa Sunda ngaliwatan gending karesmén *Si Ujang jeung Doraémon*, tur bisa ngalarapkeun ajén inajén nu hadé dina kahirupan.

1.4.3 Mangpaat Sosial

Ieu panalungtikan miboga mangpaat sosial nyaéta upama gending karesmén *Si Ujang jeung Doraémon* diagendakeun dina acara budaya tahunan sacara rutin ku Dinas Pariwisata Budaya, bisa jadi salasahiji pangirut pikeun wisatawan domestik atawa luar negeri datang lalajo pintonan, otomatis ngaronjatkeun perekonomian masarakat nu aya di sabudereun tempat.

1.5 Raraga Tulisan

Bab I, medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, sarta mangpaat panalungtikan. Tujuan panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus. Sedengkeun mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat

tioritis, mangpaat praktis, jeung mangpaat sosial. Lian ti éta, dina pedaran Bab I medar ngeunaan raraga tulisan sacara sistematis.

Bab II, eusina ngawengku tiori-tiori jeung konsép anu jadi dasar dina panalungtikan. Pedaranana ngeunaan tiori jeung konsép naskah gending karesmén, ajén étnopédagogi Sunda, anu jadi péso pikeun ngajawab rumusan masalah.

Bab III, medar ngeunaan métode anu dipaké dina ieu panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, data jeung sumber data, jeung idéntitas naskah drama.

Bab IV, ngadadarkeun hasil analisis nu mangrupa jawaban tina rumusan masalah, nyaéta medar ngeunaan struktur carita dina naskah gending karesmén *SUD* karya Wahyu Wibisana, unsur carita dina naskah gending karesmén *SUD*. Satuluyna, hasil analisis ajén étnopédagogi tina naskah gending karesmén *SUD* karya Wahyu Wibisana

Bab V, eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan. Lian ti éta, aya implikasi jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.